ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ АТЫНАН

# Ҳ Ү К И М

[redacted] Қанлыкөл районы

Жынаят ислери бойынша Қанлыкөл районы судының баслығы М.Бекимбетов басшылығында, судья жәрдемшиси Т.Нурлепесов хаткерлигинде, мәмлекетлик айыплаўшы Қанлыкөл районы прокурорының ис үйрениўши жәрдемшиси Ж.Кошкарбаев, жәбирлениўши И.Абдикеримов, судланыўшы [redacted] қатнасында,

жынаят ислери бойынша Қанлыкөл район судының суд мәжлиси залында, ашық суд мәжлисинде, дәслепки тергеў органы тәрепинен Өзбекстан Республикасы ЖКниң [redacted]н көрип шықты.

Ис ҳүжжетлерине көре: [redacted], сыйлық алмаған, 25-санлы мектепте дене тәрбиясы пәни оқытыўшысы, илгери судланбаған, бойдақ, [redacted] алған.

Суд суд мәжилисинде судланыўшының, гүўалардың ҳәм жәбирлениўшиниң көрсетпелерин, судланыўшының, мәмлекетлик айыплаўшы, қорғаўшы адвокаттың жарыс сөзлерин, судланыўшының қорғаў ҳәм ақырғы сөзлерин тыңлап, ис материалларын көзден кеширип ҳәм оларға баҳа берип, төмендегилерди

а н ы қ л а д ы :

Судланыўшы [redacted] орнында пуқара Абдикеримов Исламбек Усен улы менен көрисип қалып, оның менен [redacted] Талантлы көшеси бойында оған “[redacted]” деп

буйрық тийкарында айтқан гәпин көтере алмай, усы арзымаған гәпти сылтаўлап, оның менен ерегисип қалып, оң қолы мушы менен [redacted] жүзине урып, жерге жығылтып, оның жығылғанлығынан пайдаланып, үстине шығып бет жүзине бир неше мәрте урған ўақтында, оның қарсылығын жеңип қашып баратырған ўақтында, оның изине жетип алып, аяқлары менен шалып жығылтып, И[redacted] жерге жығылғанлығынан пайдаланып, қоллары ҳәм аяқлары менен бет жүзине урып теўип, [redacted] дәрежели дене жарақатын жеткерген. Нәтийжеде пуқара [redacted] дене жарақатын алып емлеўханаға түскен.

Өткерилген суд-медициналық экспертизасының [redacted]де «бас мийдиң жабық жарақаты. Бас мийдиң орта дәрежели мажығыўы. Бас мийдиң шеп ярымшар маңлай-төбе-шеке бөлимлери қатты перде астына (субдураль) қан қуйылыўы (гематомасы). Бастың оң шеке сүйегиниң тийкар сүйегине өтип сыныўы. Оң шеке ҳәм оң көз әтрапы жумсақ тоқымасының мажығыўы» бул жарақатлардың қосындысы өмир ушын қәўипли болған «АЎЫР» дене дәрежели дене жарақатын алғанлығы көрсетилген.

Солай етип [redacted] өзиниң жоқарыда көрсетилген жынайый ис ҳәрекетлери менен ЖКниң 104-статьясы 1-бөлиминде көрсетилген жынаятты қастан ислеген.

Суд мәжилисинде судланыўшы [redacted] өзине жәрияланған айыпты толық мойынлап берген көрсетпесинде, 2025-жыл 25-ноябрь күни кешки ўақытта танысы [redacted] атлы тойханаға барғанын, сол жерге барып тойда спиртли ишимлик ишкенин, [redacted] жибергенин, өзиниң оған ашыўы келип қалқанын, кейин кешки саат 22:30 лар шамасында тойхананың сыртына шыққанын, кейин сыртқа шыққанында жорасы [redacted] мәс халатта автомашинасын басқарып кетпекшилигин көргенин, оның қасына барып автомашинаны басқарма мәссең деп айтса, ол өзине гилти бериўди қәлемегенин, оған бир нәрсе болып қалмасын деп оның гилтин колынан тартып алғанын, кейин бул гилтти тойхананың администраторына берип кеткенин, кейин [redacted] районы «Наўрыз» АПЖ аймағындағы Балық қуўырдаққа барғанын, олар ол [redacted] спиртли ишимлик ишип отырғанын, олардан тысқары бул жерде өзлеринен үлкен яғный 1996-жылда [redacted] отырғанын, сыртқа шығып [redacted] қасына келип өзи менен ҳал ақўал сорасқанын, сөйтип ол өзине бир жорасының үйине барып отырысты даўам еттирип арақ ишийик деп айтқанын, басында разы болмағанын, [redacted] қайта-қайта айта бергеннен соң разы болғанын, [redacted] жорасының үйине барып сол [redacted] ишкенин, кейин саат 02:00 лер шамасында [redacted] өзлерин автомашинасы менен Қанлыкөл районы Наўрыз [redacted] басына жолдың бойына шекем алып келип таслағанын, олар жолда кетип баратырған [redacted] оның жорасы Сапардың үйине барайық деп айтқанын, бирақ ол өзиниң айтқанын қылмай

қайтаман деп айта бергенин, өзиниң ашыӯы келип мушы [redacted] бет жүзине бир неше мәрте урғанын, ол орнынан турып үйине қашып кеткенин, өзи мәс болғаны ушын оның изинен бармай үйине қайтып кеткенин, ертеси [redacted] жарақатын алғанлығы себепли емлеӯханаға жатып қалғанын, өзи оның изинен барып хабар алып турғанын, оның даӯаланыӯы ушын жәми 15.000.000 сӯм пуларын сарыплағанын, [redacted], ол оның айтқанын қылмай өзи менен барыӯды қәлемегенин, сол себепли олар өз-ара жәнжеллесип қалып ашыӯ үстинде қол мушы менен оның бет жүзине бир неше мәрте урғанлығын, [redacted] қасында ҳеш ким болмағанын, [redacted] қол мушы менен урғанлығын, қылған айыбын толық тан алатуғынлығын ҳәм пушайманлығын, [redacted] кеширим сорап оның менен өз-ара жарасып алғанын, нызам шенберинде жениллик бериӯди сорайтуғын айтып көрсетпе берип өтти.

Судланыӯшы [redacted] усы жынаятты ислегенликтеги айыбы өзиниң суд мәжилисинде айыбын толық мойынлап берген көрсетпелеринен тысқары, суд мәжилисинде тексериӯ нәтийжесинде ҳақыйқатқа муӯапық екенлиги анықланған төмендеги дәлиллер жыйындысы менен толық тастыйықланады.

Суд мәжилисинде [redacted] өз көрсетпесинде 2025-[redacted] күни [redacted] таныслары менен спиртли ишимлик ишкенлиги ушын сәл мәс болып қалғанын, бирақ есин билетуғынлығын, өзи тойдан саат 22:30 лар шамасында шыққанын, қасындағы [redacted] ишимлик ишкенин, сол ӯақытта өзине жорасы [redacted] сыртта инисиниң жорасы [redacted] көрип қалғанын, кейин оның менен сәлемлесип сол жерде азғантай сөйлесип турғанын, өзи оған «[redacted], [redacted]үйине барып сол жерде бир шиша арақ [redacted] менен қайтқанын, өзлерин Саламаттың жорасы [redacted]втомашинасында олар Қанлыкөл районы [redacted] басларында асфальт жолдың бойына таслап кеткенин, кейин саат 01:00 лер шамасында жолда баратырған [redacted] атлы жигиттиң үйине алып бар» деп айтқанын, өзи [redacted] ертең сөйлес, кеш болып кетти, ертең алып бараман» деп айтқанын, сөйтип [redacted]ирден мушы менен өзиниң шеп бет жүзине урып қалғанын, кейин жерге жығылғанын, өзиниң үстине минип алып мушлары менен бет жүзлерине урып таслағанын, қоллары менен бет жүзин жасырғанын, [redacted] қашпақшы болып

турғанында оның изинен жетип алып аяқларынан шалып жығылтқанын, тағы үстине шығып алып мушлары менен бет жүзине тағы бир неше мәрте урғанын, [redacted]рнынан турып бир затлар деп сөйлеп атырған ўақтында орнынан турып тағы қашып кеткенин, өзи мәс болғаны ушын көп жуўыра алмағанын[redacted] изине тағы жетип алып, кийиминен тартып өзин жығылтқанын, жерге жығылып түскенин[redacted] көрсетип қоллары менен оны услап алғанында ол үстине шығып алып бет жүзлерине бир неше мәрте урып таслағанын, орнынан турып қашып үйи тәрепке қарап қашып кеткенин, өзи үйине кирип уйықлап дем алғанын, [redacted] жәнжели тек өзи оны [redacted] үйине алып бармайман дегенлиги ушын келип шыққанлығын, буннан басқа себеплер жоқлығын, ертеси күни саат 16:00 лер шамасында судирги берип қалып жерге жығылғанын, өзин емлеўханаға алып кеткенин, Қанлыкөл районы емлеўханасында 5-6 күн даўамында емленип шыққанын, [redacted] саўлығы жақсы екенин, сонлықтан өзиниң [redacted] беретуғынлығын, оның менен жарасқанын, арза даўы жоқ екенлигин айтып берген көрсетпеси менен;

Суд мәжилисинде гүўа [redacted] өз көрсетпесинде 2025-жыл [redacted] күни кешки ўақытта жорасы [redacted] алып бараман» деп айтқанын, кейин өзи разы болып оны үйине шақырғанын, ол қасында [redacted] жигит пенен келгенин, олар саат 23:00 лерден өте келгенин, кейин олар менен сөйлессе олардың жағдайы жүдә мәс халатта екенин, олар үйинде 20-30 минуттай [redacted] атлы жигитлер өз-ара жәнжелесип орталарында келиспеўшиликлер болмағанын, олар менен өзлериниң орталарындада жәнжелли халат болмағанын, олар қайтып келген болса сөйтип екеўи қайтып кеткенин айтып берген көрсетпеси менен;

Яғный жынаят исиндеги дәслепки тергеў дәўиринде айыпланыўшы ҳәм жәбиркештиң, гүўалардың ҳәм суд мәжилисинде берген көрсетпелери менен;

-ўақыя болған жерди көзден өткериў баянамасы менен; ж.и.б 10-12;

-Суд-медициналық [redacted] жуўмағы менен; ж.и.б 33-35;

-Гүман қылыныўшы [redacted] ўақыя болған жерде тексерип көриў тергеў ҳәрекети баяннамасы ҳәм фотолары менен; ж.и.б 76-82;

Буннан басқада ис бойынша топланған ҳүжжетлер менен, жынаят исиндеги дәслепки тергеў дәўиринде ҳәм суд мәжилисинде гүўалардың берген көрсетпелери менен толық тастыйықланады.

Суд, дәслепки тергеў уйымы тәрепинен судланыўшы [redacted] ис-ҳәрекетлери ЖКниң 104-статьясы 2-бөлими "е" бәнти менен надурыс квалификация етилген деп есаплайды.

Себеби, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2002-жыл 14-июнь күнги «Бийзарылыққа байланыслы servants ислер бойынша суд әмелияты ҳаққында»ғы 9-санлы Қарарының 1-бәнтинде, жәмийетте жүрис-турыс қағыйдаларын менсинбеслик дегенде, норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер, әдеп-икрамлылық нормалары, үрип-әдет, дәстүрлер менен белгиленген жәмийетлик тәртибин (адамлар аралық мүнәсибетлер, жүрис-турыс қағыйдалары, қәлиплескен социаллық турмыс тәризин) қопал рәўиште бузыў түсинилетуғынлығы, нызам мазмунына көре, айыпкер өзиниң ҳәрекетлери менен жәмийет тәртибин бузып атырғанлығын аңлаўы лазымлығы, бунда усы ҳәрекетлер менен жәмийет тәртибин бузыў ортасында себепли байланыс болыўы шәрт екенлиги, Нызам мазмунына көре себепли байланыс **анықланбаған тәғдирде қылмыс шахсқа яки мүлкке қарсы қаратылған жынаят деп баҳаланыўы лазымлығы** деп түсиндирмелер берилген.

Ис халатларына көре судланыўшы [redacted] ҳәм жәбирлениўши И[redacted] оған "сен мәссең, ертең алып бараман" деп буйрық тийкарында айтқан гәпин көтере алмай, усы арзымаған гәпти сылтаўлап, оның менен ерегисип қалып, оң қолы мушы менен [redacted] бет жүзине урып, жерге жығылтып, үстине шығып бет жүзине бир неше мәрте урған ўақтында, оның қарсылығын жеңип қашып баратырған ўақтында, оның изине жетип алып, аяқлары менен шалып жығылтып, [redacted] жерге жығылғанлығынан пайдаланып, қоллары ҳәм аяқлары менен бет жүзине урып теўип, [redacted] аўыр дәрежели дене жарақатын жеткерген.

Суд судланыўшы [redacted] ислеген деп баҳалайды.

Сонлықтан суд, судланыўшы [redacted] қойылған жынайы ис-ҳәрекетлери ЖКниң 104-статьясы 2-бөлими «е» бәнтинен усы статьяның 1-бөлимине квалификация етип, усы статья менен жаза тайынлаўды лазым деп есаплайды.

Себеби Өзбекстан Республикасы ЖКниң 104-статьясы 1-бөлиминде, өмир ушын қәўипли болған қастан денеге аўыр зыян жеткериў нәтийжесинде көриў, сөзлеў, еситиў қәбилийетин жойтыў яки қандайда бир дене ағзаның истен шығыўы, оның искерлиги тамаман жоғалып кетиўине, руўхый ҳалаты бузылыўына ямаса ден саўлығының басқаша түрде бузылыўына, улыўма мийнет қәбилетиниң отыз үш пайызынан кем болмаған бөлегиниң турақлы жоғалыўына ямаса дененің дүзелмейтуғын дәрежеде шырайсызланыўына себеп болатуғын өмир ушын қәўипли болған қастан денеге "Аўыр" жарақат жеткериў ушын жынайый жуўапкершилик нәзерде тутылған.

Өзбекстан Республикасы Олий суды Пленумының 2006 жыл 3 февраль күнги «Судлар тәрепинен жынаят ушын жаза тайынлаў әмелияты ҳаққында»ғы Қарарының 3-бәндине муўапық, ЖКниң 8,54-статьялары мазмунына көре, жаза әдил болыўы, ҳәр бир жағдайда

индивидуал тайынланыўы, жынаяттың характери ҳәм жамийетлик қәўиплилик дәрежесине, айыпкердиң шахсына, сондай-ақ жазаны жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы жағдайларға муўапық болыўы керек.

Өзбекстан Республикасы ЖК 7-статьясына көре, жаза ҳәм басқа ҳуқықый тәсир шаралары физикалық азап бериў ямаса инсан қәдир қымбатын кемситиў мәксетин гөзлемейди. Жынаят сәдир еткен шахсқа қарата ол ақлоқан дүзелиўи ҳәм жаңа жынаят ислеўиниң алдын алыў ушын зәрүр ҳәм жетерли болатуғын жаза тайынланыўы ямаса басқа ҳуқықый тәсир шарасы қолланылыўы керек. Жазалаўдан гөзленген мәксетке усы кодекс арнаўлы бөлиминиң тийисли статьяларында нәзерде тутылған жеңилирек шараларды қоллаў арқалы ерисип болмайтуғын тәғдирде ғана аўыррақ жаза шаралары тайынланыўы мүмкин.

ЖКниң 8-статьясында жынаят сәдир етиўде айыпкер болған шахсқа қарата қолланылатуғын жаза яки басқа ҳуқықый тәсир шарасы әдил болыўы, яғный жынаяттың аўыр-жеңиллигине, айыптың ҳәм шахстың жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине муўапық болыўы керeклиги белгилеп қойылған.

Суд, жоқарыдағы Конституция ҳәм Нызам талапларына келип шығып судланыўшы [redacted] жаза тыйынлаўда оның алдын судланбағаны, шын кеўилден пушайманлығы, ЖКниң 55-статьясынде нәзерде тутылған жазаны жеңиллестириўши ҳалатлар деп баҳалап, ал оның ис-ҳәрекетлеринде ЖКниң 56-статьясына тийкар жазасын аўырластырыўшы ҳалаты жоқ деп баҳалап, ЖКниң 104-статьясы 1-бөлими менен усы статья санкциясы шеңберинде көрсетилген азатлықтан шеклеў жазасын тайынлаўды, гиреў бас шарасын бийкар етип гиреўге қойылған техника буйымларын өзинде сақланып атырғанлығы себепли қайтарып берилген деп есаплаўды;

Тергеў ҳәрекетлери жазып алынған 1 дана диск жынаят исине қосып сақлаўды лазым тапты.

Жоқарыдағыларға ҳәм Өзбекстан Республикасы ЖПК 454-457, 460, 462-463, 465-468, 471-473-476-статьяларын басшылыққа алып, суд

ҳ ү к и м  е т т и :

Судланыўшы [redacted] Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 104-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты ислегенликте айыплы деп табылсын.

[redacted] Кодексиниң 104-статьясы 1-бөлими менен 3 (үш) жыл мүддетке азатлықты шеклеў жазасы тайынлансын.

Судланыўшы [redacted] Жамийет улы азатлықты шеклеў жазасын өтеў жери деп өзиниң жасаў мәнзили болған, Қанлыкөл районы, Наўрыз [redacted] ҳәмде жумыс орнына барып келиўден тысқары ўақытта үйинен шығыў қадаған етилсин.

Судланыўшы [redacted] төмендеги косымша шеклеўлер орнатылсын:

-улыўмалық ҳәм метинглер өткизиўде қатнаспаў;

-спиртли ишимлик ешпеў;

-ғалабалық илажларда қатнаспаў, кафе, ресторан, барларға бармаў;

-Интернет тармағынан пайдаланбаў;

-Қанлыкөл районы ИИБ Пробация бөлиминиң рәсмий рухсаты разылығысыз жасаў жерин өзгертпеў ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағынан сыртқа шықпаўы шеклеўлери орнатылсын.

Судланыўшы [redacted] ЖКниң $48^1$-статьясы 6-бөлими талабы, яғный орнатылған шеклеўлерди ҳәм мәжбүриятларды бузған тәғдирде, оған қарсы қолланылған жаза басқа аўыррақ түрдеги жазаға алмастырылыўы мүмкинлиги ҳаққында ескертилсин.

Жаза мүддети судланыўшы [redacted] Қанлыкөл районы ИИБ Пробация топары есапқа алынған күннен баслап есаплансын.

Ҳүкимди орынлаўға қаратыў Қанлыкөл районы ИИБ Пробация топарына жүклетилсин.

Ҳүким нызамлы күшине киргеннен соң судланыўшы [redacted]лған гиреў̄ бас шарасы бийкар етилсин ҳәм гиреўге қойылған техника буйымлары өзинде сақланып атырғанлығы себепли қайтарып берилген деп есаплансын.

Тергеў ҳәрекетлери жазып алынған 1 дана диск жынаят исине қосып сақлансын.

Ҳүкимге наразы тәреп 10 сутка ишинде, судланыўшы, жәбирлениўши ҳүким нусқасын алған күннен баслап сол мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртипте, бул мүддет өткеннен соң кассациялық тәртипте шағым арза келтириўге, прокурор протест билдириўге ерикли.

Басшылық етиўши М.Бекимбетов